

Sa Founisè Sèvis Gadri pou Timoun Angwoup yo Dwe Konnen

YON GID POU KONFÒMITE

Revize nan mwa avril 2018



Sa Founisè Sèvis Gadri pou Timoun Angwoup yo Dwe Konnen

Gid sa a disponib nan lang Panyòl, Chinwa, Ris, Kreyòl, Bangalè ak Koreyen.

Tanpri sonje gid sa a aplike sèlman pou pwogram gadri angwoup pou timoun nan Vil New York. Nou apresye kòmantè ou epitou nou vle gid sa a vin yon resous efikas pou pwogram ou. Si ou gen kesyon oswa remak, tanpri voye yon imèl nan childcareinfo@health.nyc.gov.

Prezantasyon 3

Kisa Yon Pwogram Gadri pou Timoun Angwoup Ye?	3
Pèmi	4
Kat Rezime Pèfòmans Gadri	4

Fason pou Swiv Lalwa 5

Enspeksyon	5
Avi pou Vyolasyon	5
Kalite Vyolasyon ak Repons Depatman Sante	6
Plent	7
Fèmti	7
Dwa Founisè yo	7
Plan Aksyon pou Koreksyon (Corrective Action Plan, CAP)	7
Aksè Paran yo ak Dwa yo pou Konnen	8

Anplwaye Ki Kalifye 9

Kondisyon pou Sipèvizyon	9
Kantite Anplwaye Minimòm ak Pwopòsyon Anplwaye pou Timoun	10
Kondisyon pou Anbochaj, Responsablite ak Kalifikasyon	11
Fòmasyon Anplwaye	14
Lèt Fòmasyon ki Rekòmande	15
Rejis Aspire	15

Lajistis Penal ak Deteksyon Abi sou Timoun	15
--	----

Timoun ki Pwoteje ak an Sante 17

Swen Medikal	17
Jesyon Konpòtman ak Re-Asirans	19
Prezans ak Absans Chak Jou	19
Akonpayman Otorize	19
Deplasman	20
Sèvis transpò	20
Nitrisyon	22
Aktivite Fizik	22
Devan Televizyon	22
Kabicha ak Swen Lannwit	22
Tan Cho ak Tan Frèt	23
Bèt kay	24

Yon Kote ki Pwoteje epi ki Sen 25

Enstalasyon Andedan ak Espas	25
Lokal la	25
Soti (Pòt Soti)	25
Alam	26
Sekirite	27
Griy nan Fenèt oswa Dispozitif Limitasyon	27
Sekirite pou Dife	27
Sekirite nan Kuizin ak Sekirite nan Manipilasyon Manje	27
Dezensektizasyon	28
Penti Abaz Plon ak Prevansyon Anpwazònman nan Plon	28
Plonbri ak Twalèt yo	29
Chanjman Kouchèt	29
Lè ak Limyè	29
Mèb ak Ekipman	29
Espas Deyò	29
Sekirite nan Dlo	30

Anèks 31



Prezantasyon

Depatman Sante Vil new York se patnè ou nan kreye yon anviwònman kote timoun yo kapab grandi. Gid sa a ap ede ou swiv lalwa epitou l ap ede bay fanmi yo ap pwoteje ak ankouraje sekirite, sante ak premye edikasyon pitit yo.

Kisa Yon Pwogram Gadri pou Timoun Angwoup Ye?

[Seksyon 47.01 Kòd Sante]*

Yon pwogram gadri angwoup pou timoun se gadri ki baze nan sant ki:

- ▶ Pa sitiye nan yon kay
- ▶ Ki bay sèvis pou timoun depi lè yo fèt jiska laj 6 zan
- ▶ Gen plas pou twa oswa plis timoun
- ▶ Bay sèvis gadri pandan senk oswa plis èdtan pa semèn, pandan plis pase 30 jou nan yon peryòd 12 mwa

Se Atik 47 ak kèk lòt seksyon Kòd Sante Vil New York (New York City Health Code) (Kòd la) ki kontwole pwogram gadri pou timoun angwoup yo. Kòd la dekri tout sa Depatman Sante egzije—depi nan anbochaj, detektè lafimen, vaksinasyon, pou rive nan chanjman kouchèt—pou asire sant gadri ou ak timoun ki ladan pwoteje epi an sante. Egzijans Kòd la annamoni avèk lòt kòd Vil la ak egzijans Depatman Konstriksyon (Department of Buildings), Depatman Ponpye (Fire Department, FDNY), Depatman Edikasyon (Department of Education) ak Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children’s Services).

Gid sa a prezante tou fason Minisipalite Vil la ap detèmine si ou satisfè prensip yo (oswa si ou pa satisfè yo), fason ou kapab retounen nan bon chemen nan yon manyè apwopriye (epi sa ki kapab pase si ou pa fè sa) ak kisa dwa ou yo ye nan pwosesis la.

*Gid sa a bay anpil konsèy. Pou jwenn plis detay, ale nan nimewo seksyon Kòd Sante ki nan kwochè ([]) yo. Ou kapab jwen yon lyen k ap mennen ou nan Atik 47 la okonplè ki nan Apendis la ansanm avèk lòt dokiman ak lyen itil.

Pèmi [Seksyon Kòd Sante 47.03–47.09]

Ou dwe gen yon pèmi nan Depatman Sante pou opere yon pwogram gadri pou timoun angwoup. Pèmi an dwe afiche nan antre sant lan, li dwe fasil pou moun k ap pase oswa pou moun k ap antre nan pwogram lan wè li. Ou dwe renouvle li nan peryòd tan Minisipalite Vil la detèmine, pa pi lontan pase chak dezan.

Pou resevwa pèmi an, moun nan pwogram ou ki responsab pou aplikasyon pèmi an (pa egzanp, direktè edikasyon oswa direktè sant lan) dwe patisipe nan yon sesyon oryantasyon yo bay nan Depatman Sante. Ou dwe soumèt tou:

- ▶ Yon plan achitèk oswa enjenyè sant lan
- ▶ Yon Sètifika Okipasyon ou resevwa nan Depatman Konstriksyon, ki endike sant ou an satisfè kondisyon fizik pou yon pwogram gadri (pa egzanp, li gen espas planche konvtab, li konfòme li avèk Lwa anfavè Ameriken Andikape ([Americans with Disabilities Act], elatriye)
- ▶ Yon rapò enspeksyon ponpye ki sètifye sant lan pwoteje kont dife
- ▶ Prèv ki montre anplwaye yo satisfè egzijans Kòd la tankou sètifika ak fòmasyon, lajistis kriminel ak deteksyon abi sou timoun, ak vaksinasyon
- ▶ Yon rapò enspeksyon penti abaz plon
- ▶ Rezilta tèst pou nivo plon nan dlo nan dlo tiyo ak fontèn dlo pou bwè sant lan
- ▶ Yon Plan Sekirite alekri [47.11] ki gen règleman ak pwosedi pou satisfè kondisyon Atik 47 la

Kat Rezime Pèfòmans Gadri

[Seksyon Kòd Sante §3-01 – §3-06]

Kounye a Depatman Sante (Health Department) bay ak egzije tout pwogram gadri pou timoun angwoup yo pou yo afiche piblikman yon kat rezime pèfòmans gadri. Kat sa a montre enfòmasyon enpòtan sou pwogram ou an, tankou depi konbyen ane l ap fonksyone nan lokal li ye kounye a ak kantite maksimòm timoun pwogram nan ka okipe.

Apati 2019, kat rezime pèfòmans lan pral gen enfòmasyon anplis sou pèfòmans pwogram ou an pandan yon peryòd 12 mwa, ansanm ak yon konparezon rezilta enspeksyon pwogram ou an ak rezilta enspeksyon pwogram gadri pou tout vil la.

Ou dwe mete kat rezime pèfòmans lan nan antre sant gadri ou an, nan yon distans 2 pye pou plis ak pòt antre a oswa nenpòt lòt antre prensipal, epi nan yon wotè ant 4 ak 6 pye. Kat la ta dwe klè pou moun ki kanpe deyò pwogram nan kapab wè li.

Anplis, si pwogram gadri ou an te gen nenpòt sispansyon nan twa ane ki sot pase yo, Depatman Sante ap voye yon rezime sispansyon apa ba ou pa lapòs ke ou dwe afiche avèk kat rezime pèfòmans lan.



Fason pou Swiv Lalwa

Li enpòtan pou pwogram gadri yo swiv tout règleman Kòd la ak lwa yo. Kòd la òganize gid ki ankouraje sekirite timoun yo ak anplwaye yo. Si ou pa swiv Kòd la, sa kapab lakòz kondisyon danjere epitou sa ka menase sante jeneral timoun yo ak anplwaye yo.

Enspeksyon

- ▶ Depatman Sante gen obligasyon pou enspekte pwogram gadri ki gen pèmi yo omwen yon fwa chak ane pou asire yo konfòme yo avèk Kòd la. Depatman an ap enspekte pwogram ki gen plis vyolasyon yo pi souvan. Depatman fè enspeksyon yo tou pou:
 - ▶ Renouvèlman pèmi
 - ▶ Pou bay repons pou plent yo (gade paj 7 la) oswa lòt rapò vyolasyon
 - ▶ Pou fè swivi sou yon lòd Minisipalite Vil la pou korije yon vyolasyon
- ▶ Nan fen enspeksyon an, enspektè a ap bay pwogram gadri a yon rapò elektwonik pou nenpòt vyolasyon ak dat pwogram gadri a dwe korije vyolasyon yo (tan pou konfòme). Yon enspektè ap retounen nan sant lan pou asire yo te korije vyolasyon an (mezi garanti).

- ▶ Pwogram yo dwe gen yon adrès imèl. Si gen nenpòt chanjman nan adrès imèl la, ou kapab chanje enfòmasyon sa a pandan enspeksyon oswa ou kapab kontakte Depatman Sante nan nimewo 646-632-6100.
- ▶ Yo klase vyolasyon yo selon degre danje yo reprezante pou sante ak sekirite timoun yo (gade tablo ki nan paj 6 la). Depi nan sa ki pi grav pou rive nan sa ki mwen grav, yo se: danje pou sante piblik, vyolasyon kritik ak vyolasyon jeneral. Yo se diferan tip repons ak rezilta Depatman Sante bay pou chak kalite vyolasyon.

Avi pou Vyolasyon

Si yo bay yon pwogram yon sitasyon pou yon danje pou sante piblik oswa yon vyolasyon kritik, I ap resevwa yon Avi pou Vyolasyon (Notice of Violation, NOV), ki:

- ▶ Mande operatè sèvis gadri a pou li patisipe nan yon odyans nan Divizyon Odyans OATH epi ki bay dat, lè ak adrès kote odyans lan ap fèt
- ▶ Bay enfòmasyon sou fason pou reponn NOV
- ▶ Fè operatè sèvis gadri a konnen li ka soumèt prèv pou konteste rezilta Depatman Sante yo, oswa li ka bay yon defans ak/oswa li ka montre li konfòme li



Kalite Vyolasyon ak Repons Depatman Sante

Kalite Vyolasyon	Nivo Menas pou Sante ak Sekirite Timoun yo	Kantite Tan pou Konfòme ak Mezi Garanti	Rezilta Posib yo
<p>Danje pou Sante Piblik</p>	<p>Pi grav, reprezante yon menas imedyat pou sante ak sekirite timoun yo</p>	<p>Imedyatman apre yon vizit Depatman Sante pou konfòmite</p>	<p>Si pwogram lan pa korije vyolasyon an imedyatman, y ap fèmen pwogram lan epi y ap sispann pèmi li jouk lè vyolasyon an korije; yo ka bay yon Avi pou Vyolasyon, amann pou peye oswa lòt sanksyon</p>
<p>Vyolasyon Kritik</p>	<p>Grav, men pa menas imedyat pou sante ak sekirite timoun yo</p>	<p>2 semèn apre yon vizit Depatman Sante pou konfòmite</p>	<p>Re-enspeksyon san yo pa anonse dat la davans nan dat limit pou pwogram lan konfòme li, oswa apre dat limit la</p> <p>Yo ka bay yon NOV, amann oswa lòt sanksyon</p>
<p>Vyolasyon Jeneral</p>	<p>Minè, pa menas dirèk pou sante ak sekirite timoun yo</p>	<p>1 mwa epi p ap gen vizit Depatman Sante pou konfòmite lè gen 5 vyolasyon jeneral oswa mwens</p>	<p>6 vyolasyon jeneral oswa plis: re-enspeksyon san yo pa anonse dat la davans nan dat limit pou pwogram lan konfòme li oswa apre dat limit lan; yo ka bay yon NOV, amann oswa lòt sanksyon</p> <p>5 oswa mwens: ka pa bezwen re-enspeksyon</p>

Si ou dekouvri yon vyolasyon nan mitan enspeksyon yo, ou dwe korije li touswit. Kontakte Depatman Sante nenpòt lè pou poze kesyon sou Kòd la oswa pou mande yon enspeksyon sant lan (Apendis: Demann Enspeksyon Sant).



Plent

Nenpòt moun—paran, anplwaye, vizitè oswa moun k ap pase—ka fè yon plent kont pwogram ou an. Depatman Sante konsidere plent sa yo seryezman epi li fè ankèt sou yo.

Fèmty [Seksyon 47.77 Kòd Sante]

Depatman Sante konsidere kèk vyolasyon tèlman grav, sa fè yo dwe fèmen pwogram gadri a san okenn lòt pwosedi. Depatman Sante ap bay yon Lòd pou Fèmen (yon sispansyon pwovizwa pèmi) lè gen yon danje pou sante ki reprezante yon risk aklè ak imedyat pou sante oswa sekirite timoun yo kote pwogram lan pa kapab konfòme li oswa pa kapab repare li nan 24 èdtan oplita. Y ap distribye yon avi pou fèmty ba paran yo ak lòt moun k ap bay timoun yo swen ki vin chèche timoun yo nan pwogram lan. Pwogram lan kapab re-louvri lè Depatman Sante detèmine danje a pa reprezante yon danje imedyat pou timoun yo ankò.

Depatman Sante ka bay refi pou yon pèmi tou, nou ka retire pèmi an pou yon peryòd tan oswa nou ka anile pèmi an nèt. Operasyon yon pwogram gadri san yon pèmi, ilegal epi sa ap lakòz fèmty gadri a.

Dwa Founisè yo

- ▶ Lòd pou Fèmen an ap ba ou yon opòtinite pou montre poukisa pwogram lan ta dwe re-louvri epi/oswa pou prezante prèv yo nan yon odyans ki montre ou korije vyolasyon an.
- ▶ Deklarasyon Dwa Pwopriyetè Biznis ba ou dwa tou pou:
 - › Konteste yon vyolasyon nan yon odyans, pwosè oswa lòt pwosesis.
 - › Mande yon revizyon rezilta enspeksyon an oswa yon re-enspeksyon avèk Depatman Sante.

Plan Aksyon pou Koreksyon (Corrective Action Plan, CAP) [Seksyon 47.21 Kòd Sante]

(Apendis: Plan Aksyon pou Koreksyon pou Pwogram Gadri yo)

Yon operatè gadri dwe soumèt yon plan aksyon pou koreksyon (Corrective Action Plan, CAP) pou montre li vle epi li kapab swiv Kòd la. Moun ki gen pèmi an responsab pou soumèt CAP ba Depatman Sante, epitou li responsab pou aplike CAP. Gen de kalite CAP:

- ▶ Moun ki gen pèmi an dwe soumèt **yon CAP Anplwaye yo nan senk jou** ba Depatman Sante anvan li anboche yon moun ki gen yon akizasyon kriminel, yon kondanasyon oswa yon endikasyon nan Rejis Santral Eta a, oswa ki gen non li ki enplike nan yon ankèt y ap fè.
- ▶ Moun ki gen pèmi an dwe soumèt **yon CAP pou Ensidan** ba Depatman Sante. Yon CAP pou Ensidan gen twa pati:
 1. Deskripsyon ensidan an
 2. Rapò repons lan
 3. Aksyon yo fè oswa plan pou korije danje pou sante a
- ▶ Depatman Sante ap apwouve oswa rejte CAP, epi li pral bay vyolasyon ki konsène domaj grav pou timoun, vyolans oswa itilizasyon dwòg plis enpòtans.
- ▶ Pwogram lan dwe revize CAP a jouk lè Depatman Sante aksepte li. Pwogram lan ap egzekite plan an epi l ap bay deklarasyon notarye anplwaye yo ki konfime mezi ki pran yo.

Aksè Paran yo ak Dwa yo pou yo Konnen [Seksyon 47.67 (d) Kòd Sante]

(Anèks: NYC Child Care Connect)

- ▶ Paran yo gen aksè san restriksyon nan pitit yo toutan.
- ▶ Pwogram lan ka enstale kamera videyo pou pèmèt paran yo wè timoun yo nan sant gadri a nan kasèt videyo oswa sou entènèt. Men, siveyans videyo a pa yon ranplasan pou sipèvizyon avèk vizibilite dirèk pou anplwaye yo.
 - › Paran yo ak tout anplwaye yo dwe resevwa enfòmasyon alekri sou itilizasyon kamera yo pou rezon sa a epitou pwogram lan dwe fè yo konnen pozisyon kamera yo.
 - › Nan moman enskripsyon yon timoun, pwogram lan dwe bay paran yo enfòmasyon sou règleman ak pwosedi pwogram lan—tankou règleman sou sipèvizyon ak prezans, pwosedi pou ijans ak jesyon maladi—jan sa endike nan Plan Sekirite alekri pwogram lan epitou jan sa obligatwa dapre Kòd la.
 - › Pwogram lan dwe bay paran yo enfòmasyon sou fason pou yo ka jwenn aksè nan dènye rapò enspeksyon an.
- ▶ Pwogram lan dwe afiche yon ansèy kote paran yo kapab wè li, ki endike:
 - › Dènye rapò enspeksyon pwogram lan disponib sou sitwèb Depatman Sante a oswa depi yo rele 311.
 - › Egzijans pou pwogram gadri yo disponib, depi yo rele nan 311.
 - › Yo ka pote plent sou pwogram gadri a nan 311.

Afiche Kote Tout Moun Kapab Wè Li

- ★ **Pèmi ou**
- ★ **Kat rezime pèfòmans gadri**
- ★ **Rezime Sispansyon (si ou te resevwa yonn)**
- ★ **Yon avi konsènan dènye enspeksyon Depatman Sante te fè nan pwogram lan**
- ★ **Enfòmasyon sou fason pou rele 311 pou pote plent oswa pou jwenn enfòmasyon sou egzijans gadri a**
- ★ **Pwosedi pou lave men nan chak evye (twalèt, zòn pou chanje kouchèt, elatriye)**

Anplwaye Ki Kalifye

Anplwaye kalifye enpòtan pou bay bon kalite swen nan pwogram gadri ou. Pwofesè ki gen kalifikasyon nan edikasyon ak sètifika ki apwopriye pou laj timoun y ap bay swen yo resevwa bon jan fòmasyon pou rekonèt etap enpòtan nan devlopman timoun yo. Espesyalizasyon sa a ap pèmèt yo pi byen kreye opòtinite aprantisaj pou timoun yo. Fòmasyon espesyalize kapab ede pwofesè yo tou bay enfòmasyon akèlè sou pwogrè edikasyon yon timoun ba paran yo oswa responsab legal yo.

Kondisyon pou Sipèvizyon

- ▶ Okenn timoun pa ka janm rete san sipèvizyon. Yo dwe siveye chak timoun oswa chak gwoup timoun—nan chan vizyon dirèk—toutan.
- ▶ Anplwaye kalifye yo dwe nan sèvis sant lan selon yon pwopòsyon ki obligatwa (gade tablo ki nan paj 10 la) pandan tout lè fonksyònman gadri a. Pandan repo yo, repa midi ak absans pou tan kout (twa jou oswa mwens), asistan anplwaye yo ka antre nan sèvis gadri a pou satisfè pwopòsyon anplwaye-pou-timoun.
- ▶ Anplwaye yo dwe reveye toutan pandan tan kabicha a epi pandan swen lannwit.



Kantite Anplwaye Minimòm ak Pwopòsyon Anplwaye pou Timoun [Seksyon 47.23 Kòd Sante]

Laj Timoun yo	Pwopòsyon Anplwaye pou Timoun	Kantite Maksimòm Timoun ki nan Gwoup	Kantite Anplwaye ki Obligatwa pou Chak Kantite Maksimòm Timoun ki nan Gwoup
Timoun ki poko gen 12 mwa	1 pwofesè tibebe/jèn bebe pou 4 timoun*	8	2 pwofesè tibebe/jèn bebe oswa 1 pwofesè tibebe/jèn bebe ak yon asistan
Timoun ki gen ant 12 mwa ak 24 mwa	1 pwofesè tibebe/jèn bebe pou 5 timoun	10	2 pwofesè tibebe/jèn bebe oswa 1 pwofesè tibebe/jèn bebe ak yon asistan
Timoun ki gen ant 2 zan ak mwens pase 3 zan	1 pwofesè gwoup lekòl pre-matènèl pou 6 timoun	12	2 pwofesè gwoup pre-matènèl oswa 1 pwofesè gwoup pre-matènèl ak 1 asistan
Timoun ki gen ant 3 zan ak mwens pase 4 zan	1 pwofesè gwoup lekòl pre-matènèl pou 10 timoun	15	2 pwofesè gwoup pre-matènèl oswa 1 pwofesè gwoup pre-matènèl ak 1 asistan
Timoun ki gen ant 4 tran ak mwens pase 5 zan	1 pwofesè gwoup lekòl pre-matènèl pou 12 timoun	20	2 pwofesè gwoup pre-matènèl oswa 1 pwofesè gwoup pre-matènèl ak 1 asistan
Timoun ki gen ant 5 kan ak mwens pase 6 zan	1 pwofesè gwoup lekòl pre-matènèl pou 15 timoun	25	2 pwofesè gwoup pre-matènèl oswa 1 pwofesè gwoup pre-matènèl ak 1 asistan

* Sizoka gen yon ijans, yon pwopòsyon 1:3 anplwaye pou timoun obligatwa pou timoun ki poko gen 12 mwa. Sa dwe endike nan **seksyon Pwosedri pou Ijans Plan Sekirite a**.

Lekòl pre-matènèl (timoun ki gen ant 2 zan ak 6 zan)		
Tit	Responsablite	Kalifikasyon
Direktè Edikasyon*	<p>Sipèvize anplwaye yo epitou li sipèvize fòmasyon an</p> <p>Devlope pwogram edikasyon epi li egzekite pwogram nan</p> <p>Fè enspeksyon sante chak jou</p> <p>Prezante responsablite pou anplwaye yo ki pa endike nan Atik 47 la</p> <p>Patisipe nan anbochaj la</p> <p>Pa kapab gen responsablite teknik si gen >40 timoun sou responsablite li</p>	<p>BA nan Edikasyon Timoun Bonè oswa domèn asosye ak</p> <p>Sètifika Eta a ak</p> <p>Eksperyans pwofesè gwoup timoun pandan 2 zan oswa plis pou timoun ki poko gen 6 zan (47.13)</p>
<p>Pwofesè Gwoup Timoun nan Lekòl Pre-Matènèl</p> <p><i>Remak: Yo ka anplwaye tanporèman yon direktè edikasyonèl oswa yon pwofesè gwoup endividyèl annatandan sètifikasyon oswa apwobasyon nan men Depatman Edikasyon Eta a. Estatèl annatant vle di yon moun te pran tout twa egzamen ki obligatwa pou sètifikasyon epi l ap tann konfimasyon Depatman Edikasyon Eta a.</i></p>	<p>Planifye aktivite yo</p> <p>Sipèvize yon sèten gwoup timoun</p>	<p>Lisans (BA) nan Edikasyon Timoun Bonè oswa domèn asosye ak sètifika Depatman Edikasyon Eta a oswa</p> <p>Sètifika ekivalan Depatman Edikasyon Eta a aksepte oswa</p> <p>BA nan Edikasyon Timoun Bonè ak eksperyans sipèvize pandan 5 kan (pou sa yo anboche anvan ane 2008) oswa</p> <p>Plan etid agreye ki gen apwobasyon Depatman Sante pou kalifye nan 7 ane:</p> <p>Yon Diplòm Asosye (AA oswa AS) nan Edikasyon Timoun Bonè, ansanm ak eksperyans travay oswa</p> <p>90 kredi etid kolèj oswa plis ak yon ane eksperyans ap anseye timoun nan pre-matènèl, jadendanfan oswa klas premye a dezyèm ane oswa</p> <p>Yon BA nan nenpòt lòt sijè akademik ak yon ane eksperyans ap anseye timoun jiska klas twazyèm ane.</p>
Asistan Pwofesè	<p>Ede nan aktivite yo epi sipèvize timoun yo anba sipèvizyon Pwofesè Gwoup Timoun yo ak Direktè Edikasyon an</p>	<p>Omwen 18 ane avèk</p> <p>Diplòm lekòl segondè oswa GED ak</p> <p>Anpil kalite melanj kredi kolèj, eksperyans ak/oswa plan etid jan sa endike nan Kòd la</p>
Swen lannwit		
Tit	Responsablite	Kalifikasyon
Direktè Edikasyon (Pwofesè Kalifye Gwoup Timoun ka Direktè Edikasyon)	<p>Sipèvize swen lannwit</p>	<p>Dapre prensip ki nan Seksyon 47.13 Kòd Sante oswa</p> <p>BA, ansanm ak 12 kredi nan Edikasyon Timoun Bonè ak</p> <p>Eksperyans sou 2 zan nan yon pwogram lisans avèk timoun ki poko gen 6 zan</p>

Swen lannwit (kontinye)		
Tit	Responsablite	Kalifikasyon
Asistan Pwofesè	Ede nan swen lannwit	Omwen 18 ane avèk Diplòm lekòl segondè oswa GED ak Anpil kalite melanj kredi kolèj, eksperyans ak/oswa plan etid jan sa endike nan Kòd la
Tibebe/Jèn Bebe (ki poko gen 24 mwa)		
Tit	Responsablite	Kalifikasyon
Direktè Edikasyon*	Sipèvize anplwaye yo epitou li sipèvize fòmasyon an Devlope pwogram edikasyon epi li egzekite pwogram nan Fè enspeksyon sante chak jou Prezante responsablite pou anplwaye yo ki pa endike nan Atik 47 la Patisipe nan anbochaj la Pa kapab gen responsablite teknik si gen >40 timoun sou responsablite li	BA nan Edikasyon Timoun Bonè oswa domèn asosye ak Eksperyans sou 1 ane oswa plis kòm yon pwofesè gwoup timoun oswa founisè sèvis gadri pou timoun ki poko gen 24 mwa oswa 6 kredi kolèj nan fòmasyon tibebe/jèn bebe oswa oswa Plan etid Depatman Sante apwouve ki bay 6 kredi
Pwofesè Gwoup Tibebe/Jèn Bebe	Planifye aktivite yo Bay swen pou yon sèten gwoup timoun epi sipèvize yo	Omwen 21 lane avèk Diplòm asosye (AA oswa AS) nan Edikasyon Timoun Bonè oswa Sètifika Asosye Devlopman Timoun an plan etid pou AA oswa AS nan 7 tan oswa Diplòm lekòl segondè oswa GED ak anpil kalite melanj kredi kolèj, eksperyans travay ak plan etid ki endike nan Kòd la
Asistan Pwofesè	Ede nan aktivite yo epi sipèvize timoun yo anba sipèvizyon Pwofesè Gwoup Timoun yo ak Direktè Edikasyon an	Omwen 18 tan avèk Diplòm lekòl segondè oswa GED ak Anpil kalite melanj kredi kolèj, eksperyans ak/oswa plan etid jan sa endike nan Kòd la
Lòt		
Tit	Responsablite	Kalifikasyon
Direktè Akwatik	Sipèvize natasyon ak aktivite akwatik, nan sant lan ak deyò sant lan	Sètifika ajou nan re-animasyon kadyo-pilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR) ak Swa yon enstwikeyon natasyon pwogresif sètifye oswa yon sekouris kalifye

* Si yon pwogram gen yon pwogram lekòl pre-matènèl ak yon pwogram pou tibebe/jèn bebe, dwe gen **de (2)** direktè edikasyon, youn pou chak pèmi. Oswa pwogram lan dwe resevwa apwobasyon Depatman Sante pou direktè edikasyon lekòl pre-matènèl la pou sipèvize pwogram tibebe/jèn bebe a tou.

Dokiman ki Nesesè

Dokiman annapre yo obligatwa pou direktè edikasyon yo ak pwofesè yo. [Seksyon 47.13 ak 47.19 Kòd Sante].

- ▶ Kopi diplòm kolèj
- ▶ Rezime
- ▶ Sètifikasyon Eta a, si sa aplikab
- ▶ Twa referans
- ▶ Konfimasyon fòmasyon obligatwa yo
- ▶ Otorizasyon Rejis Santral tout Eta a pou Abi Move tretman Timoun, ak Anprent dijital
- ▶ Plan Etid, si sa aplikab (se sèlman pwofesè gwoup yo ki otorize nan plan etid la)
- ▶ Lèt angajman ki presize plan pou satisfè kondisyon ki poko rezoud yo nan sèt ane oplita
- ▶ Dokiman enskripsyon nan kolèj ki konfime enskripsyon kandida a



Fòmasyon Anplwaye [Seksyon 47.37 Kòd Sante]

Depatman Sante ankouraje fòmasyon regilye ki la pou asire pwofesè yo kapab reponn nan ijans yo epitou pou asire pwofesè yo kapab bay sèvis edikasyon pou timoun yo. Direktè edikasyon an responsab pou fòmasyon (oswa pou fè aranjman pou yon fòmasyon sètifye) epitou pou verifye si anplwaye yo resevwa fòmasyon obligatwa.

Kalite Fòmasyon an	Anplwaye ki Nesesè	Matyè ki nan Fòmasyon an	Kantite Fwa yo Bay Fòmasyon an
Abi ak Move Tretman sou Timoun	Anplwaye yo, volontè yo ak moun k ap gen kontak san sipèvizyon avèk timoun yo; nouvo anplwaye yo nan 6 mwa	Idantifikasyon, rapòtaj, prevansyon ak règleman abi ak move tretman sou timoun	Chak 24 mwa
Kontwòl Enfeksyon	Tout pwofesè yo	Kontwòl ak rapòtaj maladi enfektyez	Omwen yon fwa; asistan pwofesè yo ka repete ak itilize egzijans pou fòmasyon de fwa pa ane pandan 15 èdtan
Pwosedri pou Ijans	Anplwaye yo, volontè yo ak moun k ap gen kontak avèk timoun yo san sipèvizyon	Plan Sekirite, ansanm ak repons pou ijans medikal ak ensidan kritik, ak plan pou soti vit	Egzèsis chak ane, plis egzèsis ki anonse davans ak egzèsis ki pa anonse davans
CPR ak Premye Sekou	Omwen 1 moun sètifye ki anplas toutan	Re-animasyon kadyo-pilmonè ak lòt premye sekou	Chak 2 a 3 zan
Tibebe yo Sekwe ak Sendwòm Lanmò Tibebe Toudenkou (Sudden Infant Death Syndrome, SIDS)	Tibebe/jèn bebe ak anplwaye pou bay swen lannwit	Idantifikasyon ak prevansyon	Omwen yon fwa; asistan pwofesè yo ka repete ak itilize egzijans pou fòmasyon de fwa pa ane pandan 15 èdtan
Fòmasyon Jeneral	Asistan pwofesè	Tout sa ki endike anwo a; plis sante ak sekirite timoun ak devlopman timoun piti	15 èdtan chak 24 mwa
Akwatik	Direktè akwatik	CPR, natasyon pwogresif oswa fòmasyon sekouris	Chak ane jan li nesèsè
Sètifika Pwoteksyon Manje	Sipèvizè operasyon sèvis manje	Sekirite manje ansanm ak preparasyon ak konsèvasyon manje	Yon fwa



Lòt Fòmasyon ki Rekòmande

Administrasyon medikaman: Si yon pwogram bay medikaman; gade seksyon Timoun ki Pwoteje ak an Sante (paj 17).

Rejis "Aspire" [Seksyon 47.13(a)] Kòd Sante]

Rejis "Aspire" se sistèm entegre devlopman pwofesyonèl Eta New York pou mendèv nan sektè swen bay timoun piti ak timoun ki nan laj lekòl. Pwofesè yo, operatè yo, direktè yo ak lòt moun ki travay nan sektè swen bay timoun piti yo ka itilize "Aspire" pou yo swiv enfòmasyon enpòtan osijè karyè yo, tankou fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl.

Tout pwogram gadri angwoup pou timoun nan Vil New York yo ak anplwaye pwogram yo oblije kreye epi kenbe kont aktif nan Rejis "Aspire" sou entènèt disi 1ye jiyè 2019.

Grasa bazdone sekirize sa a, anplwaye Depatman Sante ka egzaminen kalifikasyon pwofesè yo, ankontan edikasyon, istwa travay, fòmasyon ak lòt aktivite pwofesyonèl yo.

Tout direktè oswa administratè pwogram yo dwe asire ke tout nouvo anplwaye ansèyman ak sa ki anplwaye kounye a yo ranpli pwofil endividyèl "Aspire" yo. Nouvo anplwaye yo dwe ranpli yon pwofil "Aspire" nan de semèn oplita apre anbochaj. Moun pa dwe ranpli pwofil "Aspire" la pou okenn lòt moun ni onon okenn lòt moun.

Lajistis Penal ak Deteksyon Abi sou Timoun

[Seksyon 47.19 Kòd Sante]

Gade tou Lwa 23 A Eta New York konsènan Koreksyon (Apendis: Pwosedi Deteksyon pou Tcheke Kazye Jidisyè ak Rejis Santral Eta a).

► Deteksyon

- Anvan anbochaj la, nenpòt moun ki te ka gen kontak san sipèvizyon avèk timoun yo nan pwogram lan dwe fè anprent dijital nan Depatman Ankèt Vil la epitou yo dwe egzamine moun nan pou yon dosye kriminel oswa pou yo konnen si non li pa nan Rejis Santral Eta a (Statewide Central Register, SCR) pou Abi ak Move Tretman sou Timoun.
- Yo dwe egzamine tout anplwaye yo chak dezan.
- Paran yo ak moun ki akonpaye timoun yo avèk otorizasyon paran yo egzante nan deteksyon an.
- Si yon moun ap tann otorizasyon apre deteksyon, moun sa a pa ka gen kontak avèk timoun yo san sipèvizyon.

► Konsantman

- Pwogram lan dwe resevwa konsantman alekri pou anprent dijital ak tchèk kazye jidisyè. Pwogram lan dwe bay avi alekri pou moun y ap egzamine a. Avi a dwe endike pwogram lan pral soumèt yon demann ransèyman ba SCR.
- Si moun nan pa bay konsantman li pou yo egzamine li, yo pa ka anboche li oswa yo pa ka kite li antre nan pwogram lan.

- ▶ Kazye jidisyè, arestasyon, oswa akizasyon pou move tretman sou timoun
 - › Pwogram lan dwe fè yon evalyasyon kazye jidisyè posib anplwaye a pou detèmine si kondanasyon moun nan te jwenn anvan ta dwe entèdi li travay avèk timoun. Si SCR retounen yon lèt "Jwenn Yon Bagay (Do Find)", pwogram lan dwe rapòte enfòmasyon sa a ba Depatman Sante nan 24 èdtan oplita. (Anèks: Pwosedi Deteksyon pou Tcheke Kazye Jidisyè ak Rejis Santral Eta a)
 - › Pwogram lan dwe soumèt yon **CAP Anplwaye** nan senk jou oplita si li vle anboche yon moun ki te jwenn kondanasyon pou yon krim, ki te jwenn kondanasyon pou yon deli nan 10 zan anvan yo, oswa ki te anba akizasyon pou swa yon krim oswa yon deli ki potko ale nan tribinal. Depatman Sante dwe apwouve CAP Anplwaye anvan yo finalize anbochaj moun nan.
 - › Anplwaye regilye yo dwe fè pwogram lan konnen nan 24 èdtan oplita si lapolis arete yo. Pwogram lan dwe fè Depatman Sante konnen arestasyon an nan 24 èdtan oplita.
 - › Pwogram lan dwe soumèt yon demann ransèyman ba SCR nan 24 èdtan oplita apre yo okouran arestasyon an pou detèmine si moun pou yo otorize a te gen non li endike nan yon rapò jistifye abi oswa move tretman sou timoun. Si SCR retounen yon lèt "Jwenn Yon Bagay (Do Find)", pwogram lan dwe rapòte enfòmasyon sa a ba Depatman Sante nan 24 èdtan oplita. (Apendis: Pwosedi Deteksyon pou Tcheke Kazye Jidisyè ak Rejis Santral Eta a)
- ▶ Avi pou chòk, domaj oswa lanmò [Seksyon 47.19(g); 47.27 (c)(3) Kòd Sante]
 - › Pwogram lan dwe fè SCR konnen nan 24 èdtan oplita si yon timoun pèdi, pran chòk grav oswa mouri pandan timoun nan sou responsablite yon anplwaye, yon volontè oswa yon ajan pwogram lan. Pwogram nan dwe fè Depatman Sante konnen nan 24 èdtan apre yo rele SCR.
- ▶ Mezi sispansyon ak lòt mezi pou prekosyon

Sant lan pa ka revoke yon anplwaye regilye oswa li pa ka refize anboche yon fiti anplwaye sèlman sou baz yon aksyon penal ki annatant oswa sou baz plent pou abi, move tretman oswa ankèt. Pwogram lan ka sispann travay la, oswa li ka pran reta pou anbochaj la, jouk lè lajistis pran yon desizyon sou akizasyon an epi selon evalyasyon (Direktè) pwogram gadri a.



Timoun ki Pwoteje ak an Sante



Li enpòtan pou tout timoun ki enskri nan yon pwogram gadri pwoteje ak an sante. Seksyon sa a rezime kondisyon ki asire timoun yo kòmanse pwogram ou avèk yon sètifika medikal epi yo rete an sante pandan tout tan yo enskri nan gadri a. W ap jwenn enfòmasyon tou sou fason pou pran swen timoun yo ak responsablite pou timoun ki nan pwogram lan epi pandan deplasman deyò pwogram lan ak kondisyon nitrisyonèl enpòtan.

Swen Medikal [Seksyon 47.25 Kòd Sante]

- ▶ Egzamen
 - › Anvan admisyon an epi nan entèval tan Depatman Sante egzije, tout timoun dwe fè yon egzamen medikal ki apwopriye pou laj yo, ansanm ak istwa medikal ak tèspistaj sante.
 - › Pwofesyonèl swen sante a dwe bay pwogram lan yon fòm siyen ki rezime depistaj sante a. Fòm nan ta dwe gen ladan nenpòt kondisyon (ansanm ak alèji) oswa maladi ki ta ka gen konsekans sou timoun lè l ap patisipe nan aktivite yo, rekòmandasyon pou ede timoun nan patisipe ak plan pou satisfè bezwen medikal timoun nan.
 - › Pwogram lan dwe konsève dosye tout swen ak ijans medikal yo—pou timoun yo ak anplwaye yo. Dosye sa yo se dosye ki konfidansyèl. Yo disponib sèlman pou paran yo, pou moun ki jwenn otorizasyon paran yo ak Depatman Sante, ak pèsonèl pwogram lan ki gen otorizasyon.
- ▶ Vaksinasyon (Anèks: Enfòmasyon sou Vaksinasyon)
 - › Tout timoun dwe pran vaksen kont maladi kontajye dapre Lwa Eta New York sou Sante Piblik ki pi resan yo.
 - › Nou bay pèmisyon pou egzanpsyon nan vaksinasyon si li menase sante timoun nan, jan yon pwofesyonèl swen sante sètifye sa, oswa si vaksinasyon an gen konfli avèk kwayans relijye fanmi an.
- ▶ Enspeksyon chak jou
 - › Chak jou, de preferans nan moman admisyon an, direktè edikasyon an oswa yon pwofesè li chwazi dwe fè yon enspeksyon sou sante chak timoun. Direktè a oswa pwofesè a ta dwe abitye avèk timoun nan epitou li ta dwe resevwa fòmasyon pou rekonèt siy maladi.

- ▶ Maladi Kontajye (Anèks: Tablo Maladi Kontajye pou Founisè Sèvis Gadri)
 - › Paran yo dwe fè pwogram lan konnen nan 24 èdtan oplita si yon timoun absan akòz varisèl, azoumounou, dyare, difteri, anpwazònman nan manje, epatit, enfeksyon Haemophilus influenzae tip b, impetigo, lawoujòl, menenjit (tout kalite), maladi menengokoksik, Staphylococcus aureus (MRSA) ki rezistan nan Methicillin, malmouton, koklich (tous koklich), polyomyelit, ribeyòl (lawoujòl alman), salmonèl, eskalatin, tibèkiloz oswa nenpòt lòt maladi oswa pwoblèm medikal ki ka menase sante lòt timoun yo.
 - › Rapò pa obligatwa pou VIH/SIDA.
 - › Pwogram lan dwe fè Depatman Sante konnen nan telefòn nan 24 èdtan oplita apre yo konnen nenpòt timoun ki sou responsablite yo ki gen yon maladi ki ka evite avèk vaksen, menenjit oswa tibèkiloz, oswa nenpòt deklanchman oswa ka iregilye yon maladi oswa pwoblèm medikal nan pwogram lan. Depatman Sante ap bay lòt konsèy selon maladi oswa pwoblèm medikal espesyal la.
 - › Yon anplwaye ki gen yon maladi kontajye ap gen entèdiksyon pou vini nan travay. **Si yo kite yon moun ki gen yon maladi kontajye antre nan sant lan, sa ap reprezante yon menas imedyat pou sante ak sekirite timoun yo ak yon danje pou sante piblik la dapre Kòd la.**
- ▶ Swen medikal annijans
 - › Pwosedi apre ijans (jan sa endike nan Plan Sekirite a) ak nimewo telefòn pou lapolis, depatman ponpye, Sant Kontwòl Pwazon, Liy Dirèk pou Rapòte Abi sou Timoun ak Depatman Sante nan yon kote ki fasil pou jwenn nan chak sal oswa zòn timoun yo itilize.
 - › Fè paran yo konnen pwosedi pwogram lan pou ijans yo.
 - › Kontakte yon doktè oswa yon pwofesyonèl medikal ijans si yon timoun bezwen swen imedyat pou yon chòk oswa yon maladi, epitou fè paran an konnen sa touswit.
 - › Toujou kenbe enfòmasyon pou kontakte pwofesyonèl medikal yo, paran yo ak responsab legal yo ajou ak nan dosye.
- ▶ Medikaman
 - › Deside si pwogram lan ap bay medikaman, epi mete règleman sa a nan Plan Sekirite a.
 - › Sèlman yon manm pèsònèl sant lan chwazi ka bay timoun yo medikaman sou preskripsyon. Moun sa a dwe gen omwen 18 tan, li dwe resevwa yon sètifika nan premye sekou ak CPR, epitou li dwe resevwa fòmasyon nan bay medikaman (Medication Administration Training, MAT).



- › Menmsi règleman pwogram lan se pa pou bay medikaman, Lwa anfavè Ameriken Andikape ka ranplase règleman an epi li ka egzije pwogram gadri a pou bay medikaman an (yon enfimye/enfimye oswa yon manm pèsònèl sètifye ka fè sa) pou yon timoun andikape.

Jesyon Konpòtman ak Re-Asirans

[Seksyon 47.01(k)(1), 47.01(k)(2); 47.67 (a) Kòd Sante]

- › Pwogram lan dwe kreye yon deklarasyon alekri sou filozofi kontwòl konpòtman timoun yo. Pwogram lan dwe distribye li ba chak anplwaye, li dwe afiche li nan yon kote ki fasil pou wè nan sant gadri a, epitou li dwe mete li disponib pou paran yo, sou demann.
- › Pa janm frape, menase oswa imilye yon timoun. **Nou konsidere metòd disiplinè sa yo kòm yon menas imedyat pou sante ak sekirite timoun yo, ak yon danje pou sante piblik ou dwe rapòte ba Depatman Sante.**
- › Toujou konsole yon timoun ki nan chagren.

Prezans ak Absans Chak Jou [Seksyon 47.27 (a), (c)(4) Kòd Sante]

(Anèks: Fòm Dosye Prezans Chak Jou)

- › Kenbe yon dosye prezans chak jou, pou antre non chak timoun, epi lè yo rive ak lè yo ale. Fè paran yo konnen lè yo enskri timoun yo, yo dwe fè pwogram lan konnen pa pita pase inèdtan apre lè ki pwograme pou timoun nan rive nenpòt jou timoun nan pral absan.
- › Si yon timoun pa vini nan pwogram lan san yo pa t prevwa sa, pwogram lan dwe fè paran an konnen sa nan inèdtan, swa nan telefòn, nan tèks, nan imèl, oswa nan lòt mwayen kominikasyon imedyat. Konsève yon dosye avi a.

Akonpayman Otorize

[Seksyon 47.57 (h) Kòd Sante]

(Anèks: Fòm Lis Akonpayman Otorize)

- › Konsève yon lis nenpòt moun yon paran otorize pou akonpaye yon timoun pou vini ak soti nan sant gadri a. Lis sa a ta dwe gen ladan non moun k ap akonpaye timoun nan, sa moun nan ye pou timoun nan, adrès li, ak enfòmasyon pou kontakte li.
- › Pa remèt yon timoun sou responsablite nenpòt moun ki pa gen otorizasyon pou akonpaye timoun nan.

RAPÒTAJ OBLIGATWA ABI SOU TIMOUN

Si ou temwen oswa si ou konnen abi oswa move tretman sou yon timoun ki sou responsablite ou, ou dwe rapòte sa anvan nan Rejis Santral Eta a pou Abi ak Move Tretman sou Timoun ak ba Depatman Sante. Ou dwe fè aksyon koreksyon kòm sadwa pou pwoteje timoun nan. Si ou pa fè sa, yo ka sispann pèmi ou oswa yo ka fèmen pwogram ou an. Tout moun k ap travay oswa ki sèvi kòm volontè nan pwogram lan se yon rapòtè obligatwa epi yo dwe resevwa fòmasyon. Liy dirèk rapòtè obligatwa a se **800-635-1522**.





Deplasman [Seksyon 47.57] Kòd Sante]

(Anèks: Gid pou Kowòdonatè Deplasman; Gid Plan pou Sant yo pou Timoun ki Pèdi)

- ▶ Pwogram lan dwe gen yon Plan Sekirite alekri ki gen règleman ak pwosedi ki konsène kowòdonatè deplasman, plan pou kantite anplwaye, responsablite pou timoun yo ak repons pou timoun ki pèdi (Anèks: Plan Sekirite Alekri). Pwogram lan dwe soumèt Plan Sekirite ba Depatman Sante nan moman aplikasyon pou pèmi, lè pwogram lan ap renouvle pèmi an, epitou chak fwa pwogram lan ap fè chanjman nan Plan Sekirite a.
- ▶ Anvan pwogram lan mennen timoun yo nan yon pak, bibliyotèk, magazen oswa lòt kote ki deyò sant lan:
 - ▶ Paran yo dwe siyen yon fòm otorizasyon ki gen ladan non timoun nan ak laj li, kote sant lan prale a, mwayen transpò a (tankou mache), kantite tan vwayaj la ap dire, ak aktivite yo espere fè nan deplasman an. Ou kapab itilize yon fòm otorizasyon jeneral pou tout deplasman lokal yo.
 - ▶ Pwogram lan dwe chwazi ak antrene yon anplwaye pou li vin kowòdonatè deplasman an pou sipèvize tout aspè deplasman an epi pou fè anplwaye yo ak volontè yo konnen responsablite pou timoun yo ak pwosedi pou ijans yo.
- ▶ Kantite anplwaye ak responsablite pou timoun yo
 - ▶ Konsève pwopòsyon obligatwa anplwaye-pou-timoun (Tablo, paj 10). Sant lan ka konte kowòdonatè a nan pwopòsyon sa yo.
- ▶ Asire sipèvizyon avèk viziblite dirèk chak timoun toutan. Kèk volontè adilt oswa anplwaye siplemantè ka nesesè pou fè sa.
- ▶ Itilize mayo oswa lòt etikèt ki gen non pwogram lan epi enfòmasyon pou kontak pou idantifye chak timoun. Pa mete non timoun nan ladan.
- ▶ Fè kontaj non parapò figi anvan ou kite sant lan, lè ou rive nan sant lan, detanzantan pandan deplasman an, anvan ou kite sant lan epi lè ou retounen nan sant lan.
- ▶ Kenbe gwoup la ansanm. Pou fè sa, mete yon sistèm moun pa ansanm epi/oswa mete anplwaye yo alatèt pi piti gwoup yo.
- ▶ Prepare ou avèk pwosedi yo aklè pou yon timoun ki pèdi oswa pou lòt kalite ijans.

Sèvis Transpò [Seksyon 47.65 Kòd Sante]

(Anèks: Fòm Rejis Transpò Chak Jou)

- ▶ Sipèvizyon adilt nan bon jan pwopòsyon anplwaye pou timoun obligatwa pandan nenpòt transpò lwen sant lan.
- ▶ Chofè yo—sant lan bay oswa ki gen kontra avèk pwogram nan—dwe fè tchèk kazye jidisyè ak deteksyon abi sou timoun.



- ▶ Chofè yo dwe anrejistre tout transfè timoun yo ant lakay yo ak sant lan oswa lòt sant.
- ▶ Machin transpò yo dwe an bon ta, enspekte epi an sèvis legalman, epitou ekipe avèk plas vwati ak senti sekirite ki apwopriye pou laj timoun yo.

Gade seksyon Timoun ki Pwoteje ak an Sante Anèks la pou jwenn fòm ki endike anwo a.

Nitrisyon [Seksyon 47.61 Kòd Sante]

Founisè yo gen obligasyon pou bay timoun yo anpil kalite manje ki bon, ki gen bon kalite, ki gen yon ti kantite sèl, ki gen yon ti kantite grès, ansanm ak anpil fwi, legim ak grenn konplè.

- ▶ Bwason. Pa bay timoun yo bwason ki gen sikrèt anplis, kit se atifisyèl oswa natirèl.
 - ▶ Ji
 - ◊ Bay ji sèlman pou timoun ki gen 2 zan oswa plis.
 - ◊ Bay ji 100% sèlman, pa plis pase yon pòsyon 4 ons pa jou.
 - ▶ Lèt
 - ◊ Bay lèt konplè ki pa sikre/ki pa gen savè pou tibebe ak jèn bebe ki gen ant 12 mwa ak 24 mwa.
 - ◊ Bay lèt san grès oswa lèt 1% pou timoun ki gen 2 zan ak plis; ou gen pèmisyon pou bay lèt ki gen anpil grès lè li nesèsè sou plan medikal.
 - ◊ Bay ranplasan lèt (tankou lèt soja) ki pa sikre epi ki egal a lèt sou plan nitrisyonèl.
 - ▶ Dlo
 - ◊ Asire gen dlo pou timoun yo pandan tout jounen an epi nan moman repa ak goute yo.

Aktivite Fizik [Seksyon 47.71 (a) Kòd Sante]

(Anèks: Nitrisyon ak Pi Bon Pratik Aktivite Fizik pou Sant yo)

- ▶ Okenn timoun pa ka chita san li p ap fè anyen pandan plis pase 30 minit alafwa, sof pandan lè ki pwograme pou repo oswa kabicha.
- ▶ Timoun ki gen 12 mwa oswa plis ki nan tout pwogram lajounen an (sis èdtan ak 20 minit oswa plis) dwe patisipe nan omwen 60 minit aktivite fizik pa jou. Timoun ki gen 12 mwa oswa plis epi ki patisipe nan mwens pase yon jounen okonplè dwe patisipe nan yon kantite pwopòsyonèl pou tan sa a.
- ▶ Pou timoun ki gen pwogram tout lajounen epi ki gen laj 3 zan, yo dwe estriktire oswa gide omwen 30 minit nan 60 minit aktivite fizik.

Devan Televizyon

[Seksyon 47.71 (d) Kòd Sante]

- ▶ Pwogram yo ta dwe edikasyonèl oswa yo ta dwe ankouraje timoun yo fè mouvman.
- ▶ Pa dwe gen televizyon oswa lòt anrejistreman vizyèl pou timoun ki poko gen 2 zan gade. Pou timoun ki gen 2 zan ak plis, pa plis pase 30 minit televizyon oswa lòt anrejistreman vizyèl pou yo gade pa semèn.

Kabicha ak Swen Lannwit

(Anèks: Règleman ak Prensip pou Swen Lannwit)

Anplwaye yo dwe reveye toutan pandan moman kabicha yo oswa pandan swen lannwit.

Timoun yo ta dwe nan yon anviwònman ki sipòte abitud ki bon pou sante. Sa gen ladan bay repa ki fòtifyan. Anplis egzijans Kòd la konsènan nitrisyon, Depatman Sante rekòmande ou pou prepare manje dapre gid nitrisyon ki endike anba la yo:

- ▶ Sodyòm (sèl)
 - ▶ Dejene: 425 mg oswa mwens
 - ▶ Kolasyon: 170 mg oswa mwens
 - ▶ Repa midi ak dine: 600 mg oswa mwens
 - ▶ Total pa jou: pa plis pase 1,700 mg

- ▶ Grès
 - ▶ Grès total: pa plis pase 35 pousan nan konsomasyon kalori pou jounen an
 - ▶ Grès satire: pa plis pase 10 pousan nan konsomasyon kalori pou jounen an
- ▶ Fib
 - ▶ Omwen 19 gram pa jou

Ede paran yo bay chwa manje ki bon pou sante pou pitit yo. Distribiye gid Depatman Sante apwouve ba paran yo epi fè yo konnen gid yo aplike pou manje ak bwason y ap pote nan sant lan (Apendis: Gid Nitrisyon pou Paran yo).

- ▶ Ekipman [Seksyon 47.55 (b) Kòd Sante]
 - › Chak timoun ki pase plis pase kat èdtan pa jou nan sant gadri a dwe gen yon kad, bèso, matla oswa pak bebe apa ki jwenn apwobasyon Komisyon Etazini pou Sekirite Pwodui Konsomasyon (U.S. Consumer Product Safety Commission).
 - › Yo dwe bay bèso yo oswa ti basen yo avèk matla ki solid ak ijyenik, epi yo pa dwe gen bòdi pwoteksyon, zòrye, atik lach pou kouche oswa lòt risk pou timoun yo toufe.
 - › Pa dwe gen kabann timoun oswa bèso pou mete youn sou lòt
 - › Konsève kouvrel, dra ak sak zòrye yo apa pou chak timoun; lave yo chak semèn.
- ▶ Kondisyon dòmi tibebe yo [Seksyon 47.67 (f) Kòd Sante]
 - › Pandan lè timoun yo ap dòmi, mete kabann timoun yo oswa bèso yo sou yon distans 2 pye youn ak lòt.
 - › Konsève yon anviwònman ki pwoteje pou dòmi. Pou fè sa, asire gen sipèvizyon avèk viziblité dirèk pandan timoun yo ap dòmi. Tcheke tibebe k ap dòmi yo chak 15 minit epi note obsèvasyon yo sou fòm Depatman Sante ba ou oswa apwouve yo. Itilizasyon videyo siveyans pa yon ranplasan pou sipèvizyon avèk viziblité dirèk pou anplwaye yo.
 - › Rezève apeprè inèdtan pou moman trankil ak rilaks pou pwogram tout lajounen ak yon kantite tan pwopòsyonèl pou pwogram ki pi kout yo.
- ▶ Swen Lannwit [Seksyon 47.69; 47.01 (o) Kòd Sante]
 - › Swen lannwit se nenpòt pwogram gadri ki bay swen ant 5 p.m. ak 8 a.m. Li bezwen yon pèmi espesyal, epitou li dwe peye yon frè sipleman [47.03 (c)].
 - › Okenn timoun pa dwe pase plis pase 12 èdtan nan nenpòt peryòd 24 èdtan nan swen pandan lannwit.
 - › Lè li posib, yo ta dwe kite timoun yo pou swen anvan epi yo ta dwe vin chèche timoun yo apre lè nòmal pou yo dòmi yon fason pou pa deranje yo pandan y ap dòmi.
 - › Jwenn enfòmasyon nan men paran yo sou woutin timoun yo leswa, tankou repa, lè pou yo bwose dan ak lè pou yo kouche, epi respekte woutin jan yo ye a otank posib.
 - › Pwogram pou bay swen lannwit ta dwe rilaks, trankil ak enfòmèl.

Tan Cho ak Tan Frèt [Seksyon 47.57(d) ak 47.57(e) Kòd Sante]

Asire timoun yo abiye kòm sadwa pou chalè oswa frede, sitou lè y ap jwe deyò. Lè li fè cho anpil oswa lè li fè frèt anpil, òganize jwèt la andedan an san pwoblèm epi yon fason aktif. Nan kondisyon metewolojik ekstrèm yo, Biwo Jesyon Ijans Vil New York (New York City Office of Emergency Management) oswa Sèvis Nasyonal Metewoloji (National Weather Service) ka rekòmande pou ranwaye timoun yo bonè oswa pou fèmen pwogram lan pou jounen an.

- ▶ Chalè
 - › Nan jou yo bay alèt pou chalè, polisyon kouch ozòn nan oswa polisyon lè oswa pandan avètisman oswa siveyans pou gwo-gwo chalè, kenbe timoun yo ak anplwaye yo alèz andedan avèk ayerasyon kòm sadwa ak/oswa è-kondisyonèl.
 - › Modifye aktivite yo pou evite gwo fatig akòz chalè oswa kout-chalè.
 - › Asire timoun yo jwenn anpil dlo pou yo bwè.
- ▶ Frede
 - › Lè tanperati deyò a anba 55 degre Farenayt, kenbe tanperati lè andedan an ant 68 ak 72 degre Farenayt nan tout zòn timoun yo itilize.



Bèt kay [Seksyon 47.53 Kòd Sante]

- ▶ Yo bay pèmasyon pou gen hamstè, jèbil (gerbil), kochondenn, lapen ak pwason nan sant gadri yo.
- ▶ Bèt kay yo ta dwe gen bon sante, san siy maladi, epi yo ta pa ta dwe reprezante okenn menas pou timoun yo (mòde, venen pwazon, elatriye).
- ▶ Ou dwe kenbe bèt kay yo nan kaj yo, epi ou ta dwe netwaye kaj yo chak jou oswa pi souvan, si li nesèsè.
- ▶ Yo entèdi pou gen reptil, chen ak chat nan sant gadri yo [Seksyon 161.01 Kòd Sante].

Timoun yo kapab aprann ladrès apwopriye sou plan devlopmantral lè yo swen yon bèt kay nan klas la oswa lè yo pase tan avèk bèt yo anba sipèvizyon. Men, founisè yo dwe konsidere posiblite pou bèt yo mòde timoun yo, pou timoun yo gen reyaksyon alèjik, epitou si bèt la te pran vaksen pou maladi laraj. Pwogram gadri yo gen pèmasyon pou kenbe sèlman sèten kalite ti bèt, jan sa endike agoch la.

Yon Kote ki Pwoteje epi ki Sen

Sant gadri yo dwe satisfè prensip minimòm pwoteksyon, konfòm ak sekirite. Timoun yo dwe kapab bouje fasil toutan pandan jounen an. Chak sant dwe antreteni prensip ki detaye nan seksyon ki endike anba la yo.

Gid pou Plan Sekirite

Bay plan sekirite pou

1. Defayans katastwofik oswa sanzatan sistèm bilding yo

a. Blakawout

b. Lè pa gen rezèv dlo potab (dlo ki bon pou bwè)

c. Inondasyon andedan

d. Kanalizasyon dlo sal kase

e. Defayans estriktirèl

2. Lè gen lafimen ak dife

3. Tanpèt ak move tan

Pou sikonstans sa yo ak lòt sikonstans ijans yo, mete nan pwosedi Plan Sekirite a pou pranabri anplas, demenajman andedan bilding nan ak deplasman pasyèl oswa total.

Enstalasyon Andedan ak Espas [Seksyon 47.41; 47.57 (f); 47.39; 47.41 (h) Kòd Sante]

Alète Depatman Sante pou nenpòt chanjman nan sant gadri a (47.09).

- ▶ Pandan lè fonksyonman sèvis la, itilize sal ak zòn gadri ki apwouve sèlman pou nenpòt timoun ki sou responsablite ou. Pa kite lòt timoun oswa adilt itilize yo.
- ▶ Òganize omwen yon espas ki mezire 30 pye kare nan salklas miray-pou-miray pou chak timoun.
- ▶ Enstale pwoteksyon sou pilye yo, radyatè yo, poto yo oswa lòt estrikti ki ka danjere.

Lokal la

Pwogram ki te resevwa yon pèmi apre ane 1989 kapab sou premye etaj, dezyèm etaj oswa twazyèm etaj. Si pwogram lan te resevwa yon pèmi apre mwa septanm 2008, sèvis pou tibebe/jèn bebe yo dwe sou etaj ki bay sou lari a.

Soti (Pòt Soti) [Seksyon 47.11 (b) Kòd Sante]

Sant ou an dwe genyen:

- ▶ Omwen de (2) soti, san konte yon deplasman rapid sizoka gen dife. Yon deplasman rapid pou dife se pa yon mwayen evakyasyon ki apwouve pou pwogram gadri. [47.41 (a)]
- ▶ Pankat soti ki fasil pou li epi ki klere nan tout soti yo
- ▶ Koulwa, eskalye, pòt ak soti ki pa bloke
- ▶ Yon ba anti-panik—yon ba transvèsal ki gen yon levye vewouyaj ki fasil pou pouse—sou yon distans ant 34 ak 48 pous avèk planche a, ki sou andedan chak pòt deyò
- ▶ Soti yo dwe separe avèk mwens pase mwatye (1/2) distans dyagonal ant yon kwen bilding nan ak lòt kwen an pou asire tout soti yo fasil pou itilize nan yon ijans.
- ▶ Nan sant ki gen awozwa tout kote ladan yo, soti yo dwe sou yon distans ki pa mwens pase 1/3 distans dyagonal avèk bilding nan. Se pwogram tibebe/jèn bebe yo sèlman ki dwe gen awozwa.

IJANS

Afiche nan yon kote ki vizib:

- ★ **Pwosedì pou ijans yo**
- ★ **Nimewo telefòn pou:**
 - ◇ **Lapolis (komisarya ki pre ou)**
 - ◇ **Depatman Ponpye (Fire Department)**
 - ◇ **Sant Kontwòl Pwazon**
 - ◇ **Ily Dirèk pou Rapòte Abi sou Timoun**
 - ◇ **Fonksyon Biwo Gadri Depatman Sante**

Alam [Seksyon 47.59 Kòd Sante]

(Anèks: Lis Verifikasyon pou Dirabilite nan Sant lan)

Chak sant gadri dwe genyen:

- ▶ Sistèm pou detekte lafimen (manyèl ak otomatik)
- ▶ Detektè lafimen ak monoksid kabòn avèk alam moun kapab tande tout kote
- ▶ Yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud pou Sipèvizyon Sistèm Detektè Lafimen ak Lòt Sistèm Asosye anplas pandan lè operasyon sèvis la (Anèks: Aplikasyon pou Sètifika Aptitud)



Sekirite

Antre sant lan dwe:

- ▶ Anba kontwòl anplwaye ak/oswa siveyans elektwonik oswa lòt siveyans ki fasilite yo moun san blokaj
- ▶ Pwoteje avèk idantifikasyon paspatou oswa lòt mwayen pou limite aksè pou anplwaye yo, paran yo ak lòt moun otorize

Griy nan Fenèt oswa Dispozitif Limitasyon

Tout fenèt yo, sof sa ki louvri pou deplase vit si ta gen dife, ta dwe gen pwoteksyon oswa aparèy limitasyon. Nou aksepte sèlman kalite pwoteksyon ak dispozitif limitasyon ak metòd enstalasyon Minisipalite Vil la apwouve.

IJANS

Ou dwe gen ekipman pou ijans yo pare:

- ★ **Twous premye sekou**
- ★ **Defibrilatè otomatik ekstèn (Automated external defibrillator, AED) pou CPR**
- ★ **Chèz Medevac**
- ★ **Branka ki adapte pou gwosè timoun yo**
- ★ **Valiz pou Deplasman**

Sekirite pou Dife [Seksyon 47.59 Kòd Sante]

- ▶ Pwogram gadri yo dwe òganize ak anrejistre chak mwa egzèsis pou si ta gen dife. Sant yo dwe gen:
 - ▶ Ekstenktè ki bon, ki apwouve epi ki enspekte
 - ▶ Griy pwoteksyon toutotou radyatè yo (nou pa aksepte radyatè ki gen espas)
 - ▶ Aspiratè ki apwouve (vantilatè ekstraksyon) ak sistèm pou etenn dife pou aparèy pou kwit manje ak fou ki fonksyone avèk gaz
 - ▶ Pa dwe gen danje elektrik, chimik, mekanik oswa lòt danje dife

- ▶ Pwogram yo dwe gen yon plan sekirite pou dife [47.11 (b)(9)] ki gen ladan:
 - ▶ Estrateji prevansyon pou dife
 - ▶ Wout pou deplase vit
 - ▶ Pwosedi pou bay enfòmasyon, pou sipèvizè, pou deplase vit epi pou pran responsablite pou timoun yo ak anplwaye yo
 - ▶ Kote ki pwoteje pouabri (refij) deyò sant lan
 - ▶ Kowòdinasyon avèk ofisyèl ponpye lokal yo pandan enspeksyon FDNY
 - ▶ Pwosedi pou voye avi ba paran yo ak otorite yo

Sekirite nan Kuizin ak Sekirite nan Manipilasyon Manje [Seksyon 47.61 ak Atik 81 Kòd Sante]

Konsève, prepare ak sèvi manje yo dapre Atik 81 Kòd la. Ou pa bezwen yon pèmi siplemantè pou sèvis manje a.

Yon sipèvizè operasyon sèvis manje ki gen yon Sètifika pou Pwoteksyon Manje dwe sipèvizè kuizin nan. Li dwe nan lokal gadri a pou sipèvizè estokaj, preparasyon, fason y ap kwit manje yo, konsèvasyon manje frèt ak manje cho ak netwayaj. Li nesèsè tou lè pwogram lan ap bay oswa ap sèvi manje nan yon lòt kote.

- ▶ Swiv kondisyon lè ak tanperati a lè w ap travay avèk manje:
 - ▶ Revize Atik 81.09 pou tanperati ki obligatwa ak kantite tan ki san danje pou konsève, prepare ak kwit sèten manje.
 - ▶ Itilize yon tèmomèt pou kontwòle tanperati ki nan depo manje cho ak depo manje frèt epitou pandan preparasyon manje a.
- ▶ Swiv pratik ijyenik lè w ap travay avèk manje [81.13]:
 - ▶ Pwoteje manje yo kont kontaminasyon (dechè oswa entwodiksyon bakteri oswa objè etranje tankou cheve oswa fatra).
 - ▶ Pa travay si ou konnen gen yon enfeksyon oswa yon maladi kontajye.
 - ▶ Mete filè cheve ak rad pwòp ki ka lave, epi chanje rad ou souvan jan li nesèsè pou evite kontaminasyon.
 - ▶ Byen lave men ou ak pati bra ou ki ekspozè yo avèk savon ak dlo anvan ou kòmanse travay epi apre ou itilize twalèt, apre ou fimen, apre ou etènye oswa apre ou touse, apre ou manje, apre ou bwè oswa apre men ou sal lòt fason.
 - ▶ Lave men ou anvan ou mete gan.
 - ▶ Mete gan yo oswa itilize lòt metòd baryè, tankou pens oswa papye sire, pou pwoteje manje ki pare pou manje kont kontak avèk men vid.



Dezensektizasyon [Seksyon 47.51 Kòd Sante]

(Anèks: Kenbe Sant Gadri ou San Bèt Nuizib)

- ▶ Prevensyon
 - › Mete fatra, dechè ak manje yo nan resipyan fèmèn ki pa gen aksè fasil pou bèt nuizib avèk bouchon yo ki byen fèmèn.
 - › Elimine fatra yo.
 - › Ranpli epi bouche nenpòt twou ak fant ki nan planche yo, plent yo ak toutotou tiyo yo avèk bon jan materyo.
 - › Enstale koup-biz ki gen jipèt (door sweeps) pou anpeche bèt nuizib yo deplase soti nan yon sal antre nan yon lòt.
 - › Mete pyèj lakòl ak pyèj pou rat ak sourit sèlman nan resipyan ki rezistan ki pa fasil pou vyole epitou kote timoun pa kapab jwenn yo.
- ▶ Ekstèminasyon
 - › Anboche sèlman pwofesyonèl lisansye ki gen sètifika Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York pou aplike pestisid yo.
 - › Mande ekstèminatè yo pou yo itilize dènye metòd ak sibstans toksik yo.
 - › Konsève yon dosye tout pestisid yo itilize yo. Sèten pestisid ilegal pou yo itilize nan yon anviwònman gadri.
 - › Fè paran yo konnen aplikasyon pestisid la nan mwens pase 48 èdtan davans, epi endike kote, kilè ak ki pwodui yo pral itilize. Bay non ak nimewo telefòn yon anplwaye yo kapab kontakte pou plis enfòmasyon. (Ou kapab jwenn fòmil tèks mesaj pou avi a nan seksyon 47.51 (c)(4).)

Penti Abaz Plon ak Prevensyon Anpwazònman nan Plon [Seksyon 47.63 Kòd Sante]

(Anèks: Sa Chak Operatè Gadri Angwoup Dwe Konnen pou Anpeche Anpwazònman Timoun nan Plon)

Sant gadri yo pa dwe gen plon. Anvan ouvèti, operatè pwogram lan oswa pwopriyetè bilding lan dwe fè tès pou plon oswa sètifye sant lan pa gen penti abaz plon ladan.

Li dwe fè nenpòt reparasyon pou evite anpwazònman nan plon imedyatman. Anboche yon kontraktè EPA sètifye pou reparasyon yo.

- ▶ Swiv "3 T" Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, (EPA) Etazini pou redui plon nan dlo pou bwè nan wobinè yo ak nan fontèn yo (Anèks: 3 T pou Redui Plon nan Dlo pou Bwè nan Lekòl yo):
 - › **Antrene** anplwaye pwogram lan pou yo sansibilize moun konsènan danje plon, sa ki lakòz yo ak konsekans yo sou sante.
 - › **Teste** dlo pou bwè a pou idantifye posib pwoblèm epi pou fè aksyon pou korije pwoblèm nan.
 - › **Fè** paran yo ak anplwaye yo konnen pwogram kontwòl yo, posib risk nan plon ak rezilta tès yo ak solisyon yo.
- ▶ Si tès nivo plon ki nan dlo pou bwè a nan nivo oswa depase nivo 15 pati pou chak milya (parts per billion, ppb), pwogram ki gen pèmi an dwe soumèt yon CAP ba Depatman Sante epitou li dwe fè aksyon pou korije pwoblèm nan jan EPA rekòmande sa, tankou retire enstalasyon yo epi jwenn lòt kalite sous dlo pou bwè.

Plonbri ak Twalèt yo [Seksyon 47.43 Kòd Sante]

- ▶ Itilize sèlman sèvis yon plonbye lisansye pou enstalasyon evye ak twalèt.
- ▶ Afiche pwosedi pou lave men nan chak evye (twalèt, zòn pou chanje kouchèt, elatriye).
- ▶ Bay yon twalèt ak yon evye pou lave men pou chak 15 timoun ki gen 24 mwa ak plis.
- ▶ Mete vaz yo nan twalèt yo sèlman. Lave yo epi dezenfekte yo apre chak itilizasyon nan yon evye ki pa sèvi pou lave men.
- ▶ Mete douch yo avèk twalèt yo ak evye yo toupresalklas yo ak zòn jwèt yo.
- ▶ Pa kite dlo pou lave men pi cho pase 115 degre Farenayt.
- ▶ Asire evye yo ekipe avèk distribitè savon likid ak sèvyèt ijyenik apa oswa sechwa sanitè.
- ▶ Pozisyon evye yo, savon ak sèvyèt ijyenik yo oswa sechwa yo kote timoun yo kapab jwenn yo.
- ▶ Bay twalèt apa pou adilt yo.

Chanjman Kouchèt [Seksyon 47.43 (h) Kòd Sante]

- ▶ Bay yon sifas ki solid, ki pa absòban, ki fasil pou netwaye ak kouvèti pou itilize yon sèl fwa pou chanje kouchèt yo. Li ta dwe nan wotè kontwa a, nan oswa toupresalklas yo, epi akote yon evye ki gen dlo cho ak dlo frèt.
- ▶ Dezenfekte kontwa a avèk yon boutèy espre dezenfektan sifas apwouve ki make, epi mete yon nouvo kouvèti pou itilize yon sèl fwa sou sifas la apre kouchèt ou chanje.
- ▶ Jete kouchèt sal ou itilize yon sèl fwa yo nan yon resipyan ki gen aksè fasil ak bouchon fèmèn ak doublplastik ki fasil pou retire. Itilize yon lòt resipyan pou kouchèt twal yo.
- ▶ Mete gan kawotchou pou itilize yon sèl fwa lè w ap chanje kouchèt yo.

Lè ak Limyè [Seksyon 47.45 Kòd Sante]

- ▶ Ayere chak sal timoun yo itilize pou evite twòp chalè, kouran lè, pousyè, vapè, odè oswa mwazi egzajere.
- ▶ Klere zòn sa yo byen, avèk ekleraj ki briyan, ki epapiye egalego epi ki san limyè ki klere twòp, san limyè k ap mouri-limen oswa san lonbraj.
- ▶ Ekleraj la ak ayerasyon an ka natirèl oswa atifisyèl.
- ▶ Ou kapab jwenn kondisyon minimòm yo pou eliminasyon nan Kòd Sante nan seksyon 47.45 (b)(1-6).

Mèb ak Ekipman [Seksyon 47.55 Kòd Sante]

- ▶ Tab yo, chèz yo ak lòt ekipman yo ta dwe apwopriye pou laj ak gwosè timoun yo, yo ta dwe fini avèk kouvèti sifas ki pa toksik, ki pa gen plon epi ki netwaye ak dezenfekte, jan li nesèsè.
- ▶ Pou chak timoun ki pase plis pase kat èdtan pa jou nan pwogram lan, sant lan dwe gen yon kad, bèso, matla oswa pak bebe ki jwenn apwobasyon Komisyon Etazini pou Sekirite Pwodui Konsomasyon (gade Kabicha, paj 19).

Espas Deyò [Seksyon 47.47 Kòd Sante]

Pwogram yo dwe bay zòn jwèt deyò ki apwopriye pou timoun yo epi ki gen aksè fasil, swa anplas oswa toupresalklas yo, dapre kondisyon ki endike anba la yo:

- ▶ Zòn deyò a pa dwe gen moso vè, debri, plant pwazon, bèt nuizib oswa lòt danje.



- ▶ Yo bay pèmasyon pou gen zòn pou jwe anba twati nan bilding ki rezistan kont dife avèk apwobasyon Depatman Sante, Depatman Konstriksyon, ak Depatman Ponpye.
- ▶ Ekipman deyò, tankou balanswa, glisyè, ak materyèl pou grenpe, dwe:
 - ▶ Apwopriye pou laj ak devlopman timoun yo
 - ▶ Enstale, itilize ak antreteni dapre espesifikasyon fabrikan an
 - ▶ Pa gen danje, tankou arebò ki file ak materyèl toksik tankou plon oswa asenik
- ▶ Kloti
 - ▶ Zòn deyò pou jwe anplas dwe fèmen avèk kloti timoun yo pa kapab grenpe epi ki mezire omwen 5 pye nan wotè.
 - ▶ Ou ka itilize razwa oswa fil fè babele sèlman sou kloti ki mezire plis pase 6.5 pye nan wotè.
 - ▶ Kloti ki nan twati yo dwe mezire omwen 10 pye nan wotè, avèk yon panèl anplis sou anndan ki fòme yon ang 45 degre.

- ▶ Ou dwe enstale sifas rezistan yo, ki pa asfalt oswa siman kontaminan, dwe anba ak toutotou ekipman jwèt ki monte yo.
- ▶ Komisyon Sekirite Pwodui Konsomasyon Etazini dwe apwouve ekipman yo ak sifas yo.

Sekirite nan Dlo [Seksyon 47.57 (i) Kòd Sante]

Nou entèdi natasyon san yon sipèvizè ki resevwa bon jan fòmasyon ak yon plan sekirite pisin. Pwogram gadri yo dwe resevwa apwobasyon alekri nan men Depatman Sante anvan yo ofri nenpòt aktivite natasyon oswa aktivite nan dlo. Aktivite nan dlo pou pwogram gadri angwoup pou timoun yo la sèlman pou naje oswa pou pwogram sekirite nan dlo ki itilize règ sipèvizyon Manm Komisyon Sante Eta a apwouve. Règ sa yo pwoteje timoun yo kont chòk oswa nwayad. Ou dwe fè aktivite nan dlo yo dapre Plan Sekirite alekri pwogram gadri a ak seksyon 47.57 (i) Kòd Sante.



Anèks: Fòm, Gid ak Lòt Dokiman Itil

Anèks sa a bay lis fòm ak lòt dokiman itil ki endike nan gid sa a. Pou jwenn aksè nan dokiman sa yo oswa pou enprime yo, ale sou sitwèb nyc.gov/health/childcare epi klike sou "Information for Child Care Providers" (Enfòmasyon pou Operatè Sèvis Gadri). Zouti sa yo ap ede ou konfòme ou avèk Kòd la. Si ou gen nenpòt kesyon sou Atik 47 Kòd Sante a, tanpri kontakte **311** oswa voye yon imèl nan childcareinfo@health.nyc.gov.

Prezantasyon

- ▶ Atik 47 ak 81 Kòd Sante
- ▶ Kat Rezime Pèfòmans

Fason pou Swiv Lalwa

Enspeksyon ak Vyolasyon

- ▶ Deklarasyon Dwa Pwopriyete Biznis
- ▶ Biwo Tribinal ak Odyans Administratif (Office of Administrative Tribunals and Hearings, OATH)
- ▶ Demann Enspeksyon Sant
- ▶ Plan Aksyon pou Koreksyon

Aksè Paran yo ak Dwa yo pou Konnen

- ▶ NYC Child Care Connect

Anplwaye Ki Kalifye

Kalifikasyon ak Fòmasyon Pèsonèl

- ▶ Rejis "Aspire" pou Travayè nan Domèn timoun piti nan New York

Lajistis Kriminèl ak Deteksyon Abi sou Timoun

- ▶ Pwosedi Deteksyon pou Tcheke Kazye Jidisyè ak Rejis Santral Eta a
- ▶ Gid SCR: Fason pou bay Repons pou yon Demann Ransèyman Rejis Santral Leta pou Abi ak Move Tretman
- ▶ Gid Plan Aksyon pou Koreksyon pou Pwogram Gadri

Timoun ki Pwoteje ak an Sante

Swen Medikal

- ▶ Kondisyon Medikal pou Timoun ki nan Gadri ak Timoun ki Fèk Antre nan Lekòl
- ▶ Enfòmasyon sou Vaksinasyon
- ▶ Tablo Maladi Kontajye pou Founisè Sèvis Gadri

Prezans Chak Jou

- ▶ Fòm Dosye Prezans Chak Jou

Akonpayman Otorize

- ▶ Fòm Lis Akonpayman Otorize

Deplasman

- ▶ Gid pou Kowòdonatè Deplasman
- ▶ Machaswiv Plan pou Timoun ki Pèdi pou Pwogram yo

Sèvis transpò

- ▶ Fòm Rejis Transpò Chak Jou

Nitrisyon

- ▶ Gid Nitrisyon pou Paran yo

Aktivite Fizik

- ▶ Pi Bon Pratik konsènan Nitrisyon ak Aktivite Fizik pou Pwogram yo

Kabicha ak Swen Lannwit

- ▶ Règleman ak Prensip pou Swen Lannwit

Yon Kote ki Pwoteje epi ki Sen

Enstalasyon Andedan

- ▶ Lis Verifikasyon pou Dirabilite Sant lan

Alam

- ▶ Aplikasyon pou Sètifika Aptitud pou Sipèvizyon Sistèm Alam pou Dife ak Lòt Sistèm Asosye (S-95)

Sekirite nan Kuizin ak Manipilasyon Manje

- ▶ Atik 81 Kòd Sante: Preparasyon Manje ak Biznis Manje
- ▶ Sa pou Espere Lè N ap Enspekte Sant ou: Yon Gid pou Operatè Sèvis Manje

Dezensektizasyon

- ▶ Fich Enfòmasyon: Kenbe Sant Gadri ou San Bèt Nuizib

Penti Abaz Plon ak Prevansyon Anpwazònman nan Plon

- ▶ Sa Chak Operatè Gadri Angwoup Dwe Konnen pou Anpeche Anpwazònman Timoun nan Plon
- ▶ 3 T yo pou Redui Plon nan Dlo pou Bwè nan Lekòl yo

Plan Sekirite Alekri

- ▶ Gid Plan Sekirite
- ▶ Modèl Plan Sekirite
- ▶ Gid Plan Sekirite Sipleman

Pwogram Gadri pou Timoun Angwoup

Pwoteje Pwogram Ou epi Evite Vyolasyon Komen yo

Otorizasyon pou Anplwaye

- ▶ Tout anplwaye pwogram gadri yo dwe fè anprent dijital epi yo dwe egzamine yo nan Rejis Santral Eta a (State Central Register, SCR) anvan yo gen kontak avèk timoun yo san sipèvizyon. Yo dwe mete rezilta yo nan dosye pèsònèl anplwaye a epitou rezilta yo dwe disponib pou Depatman Sante revize yo nenpòt lè.
- ▶ Yo dwe re-egzamine tout anplwaye yo chak dezan. Yon tablè ki gen dat egzaminasyon pou tout anplwaye yo kapab ede asire re-egzaminasyon yo fèt alè.
- ▶ Nan moman anbochaj la, tout anplwaye pwogram yo dwe prezante yon sètifika otorizasyon medikal yo resevwa nan men yon pwofesyonèl swen sante lisansye ki endike yo kapab pran responsablite kote yo mete yo a.
- ▶ Tout anplwaye pwogram yo dwe soumèt yon sètifika otorizasyon medikal chak dezan kòm yon kondisyon travay yo.
- ▶ Yo dwe konsève sètifika yo nan dosye nan pwogram lan, apa avèk tout lòt dosye pèsònèl la, epitou sètifika yo dwe disponib pou Depatman Sante egzamine yo nenpòt lè.

Pwopòsyon Anplwaye pou Timoun ak Sipèvizyon

- ▶ Toujou swiv pwopòsyon minimòm anplwaye pou timoun ki endike nan Atik 47 la ak nan gid sa a.
- ▶ Anplwaye yo dwe toujou fè sipèvizyon avèk vizibilite dirèk sou timoun yo toutan. Okenn timoun oswa gwoup timoun pa dwe jamè rete san sipèvizyon.
- ▶ Tcheke pwopòsyon anplwaye pou timoun chak dezèdtan, oswa lematen, a midi ak aswè. Asire ou toujou gen pwopòsyon anplwaye pou timoun toutan, tankou pandan moman kabicha ak repo anplwaye yo. Anvizaje asistan varyab ki kapab rete nan klas yo jan li nesèsè.
- ▶ Lè timoun ki gen 12 mwa ak plis nan yon gwoup laj melanje men ki sanble, pwopòsyon minimòm anplwaye pou timoun dwe baze sou laj pi komen timoun ki nan gwoup la.

Kalifikasyon Anplwaye yo

- ▶ Chak salklas dwe gen yon pwofesè kalifye ki responsab chak gwoup timoun ki gen laj 2 jiska 6 zan.
- ▶ Chak pwogram gadri dwe gen yon pwofesè kalifye kòm direktè edikasyon ki responsab fòmasyon anplwaye yo, pwogrè timoun yo nan edikasyon ak devlopman, ak sipèvizyon tout anplwaye ansèyman yo.
- ▶ Direktè edikasyon an p ap gen responsablite ansèyman lè gen plis pase 40 timoun ki enskri nan pwogram gadri a.

Fòmasyon Anplwaye

- ▶ Tout anplwaye, volontè ak nenpòt lòt moun ki ka gen kontak san sipèvizyon ak timoun yo dwe resevwa fòmasyon chak dezan sou idantifikasyon, rapò, prevansyon ak règleman abi ak move tretman sou timoun.

- ▶ Tout anplwaye, volontè ak nenpòt lòt moun ki ka gen kontak san sipèvizyon ak timoun yo dwe resevwa fòmasyon sou pwosedi pou ijans yo chak ane.
- ▶ Tout pwofesè yo dwe resevwa fòmasyon yon fwa omwen sou kontwòl ak rapò sou maladi enfektyez.

Istwa Medikal Timoun

- ▶ Anvan admisyon an, tout paran yo dwe resevwa yon kopi fòm egzamen sante timoun nan, epi se doktè timoun nan ki dwe ranpli fòm nan.
- ▶ Anvan premye jou lekòl la, paran yo dwe soumèt fòm ki ranpli a ak yon istwa maladi ba pwogram gadri a pou yo egzamine ak apwouve pou asire tout timoun te gen yon egzamen medikal konplè, tankou men pa sèlman, yon egzamen fizik, evalyasyon nitrisyonèl, ak evalyasyon devlopmanal.
- ▶ Tout timoun dwe pran vaksen kont difteri, tetanòs, koklich, polyo, lawoujòl, malmouton, ribeyòl, varisèl, Epatit B, maladi nemokoksik ak haemophilus influenza tip b.

Pwòpte

- ▶ Chak pwogram gadri dwe kenbe tout sal andedan ak deyò, zòn jwèt yo, mèb yo ak ekipman yo pwòp epi nan bon eta. Yo dwe tcheke pwòpte sant lan chak jou anvan timoun yo rive.
- ▶ Netwaye planche yo nan kòmansman oswa fen jounen an. Si planche yo vin sal pandan jounen an, itilize sèvyèt ijyenik, bale, oswa mòp pou pa kite pousyè oswa salte simaye nan lòt zòn yo.
- ▶ Chak sant gadri dwe bay evye ki gen dlo tiyo cho ak frèt toupre tout twalèt yo. Sant gadri yo dwe bay yon evye pou chak 15 timoun ki gen plis pase 2 zan. Dlo cho a pa kapab depase 115 degre Farennayt pou tout evye timoun yo ap itilize pou lave men yo.

Sekirite pou Dife

- ▶ Chak sant gadri dwe gen ekstenktè ki apwouve epi ki pa twò chaje ni ki pa manke chaje, epitou ki make kòrèkteman kòm ekstenktè yo enspekte chak ane.
- ▶ Chak pwogram gadri dwe fè omwen yon egzèsis chak mwa pou dife. Prezante chak egzèsis nan dokiman depi ou note lè egzèsis la te kòmansè ak lè li te fini, kantite total timoun ak anplwaye ki te patisipe nan egzèsis la ak rezilta egzèsis la.
- ▶ Chak sant gadri dwe gen soti avèk pankat soti ki make ak lè epi ki fasil pou li. Pankat sa yo ta dwe vizib menm lè pa gen limyè epitou yo ta dwe pèmèt tout moun konnen kote soti yo ye toutan. Soti yo ta dwe toujou san blokaj.



4 time
5 while
6 bike
7 dime
8 high
9 ice
10 kite



Class Rules

Five rules are posted on the door:

- Rule #1: Take care of your things.
- Rule #2: Listen to the teacher.
- Rule #3: Be kind to everyone.
- Rule #4: Stay in your seat.
- Rule #5: Raise your hand.



